

## DWA OU NAN SISTÈM JISTIS PENAL AK SISTÈM JISTIS POU MINÈ

Si ou viktim yon krim, oswa  ou se yon temwen paske ou te wè, tande oswa gen enfòmasyon sou yon krim ki fèt, ou enpòtan pou rezolisyon dosye sa a. Temwanyaj ou a kapab enpòtan pou etabli fè yo. Nou konprann, ou ka yon jan pè al temwaye nan tribinal. Toutfwa, san temwanyaj ou a yo ka kite akize a ale san yo pa pini li.

VIKTIM: Yon viktim se yon moun ki sibi dirèkteman oswa yon moun yo menase fizikman, sikolojikman oswa yon moun ki sibi domaj finansye akoz yon krim ki fèt oswa yon tantativ krim oswa zak delenkans, oswa yon moun ki sibi zak delenkans. Tèm “viktim” nan anglobe reprezantan legal viktim nan, paran li oswa moun ki responsab yon minè, oswa fanmi pwòch yon moun yo touye, sof si yo montre enterè moun sa a an konfli reyèl oswa te kapab an konfli ak enterè viktim nan.

- Ou menm oswa Kabinè Pwokirè Eta a ak konsantman ou, gen dwa pou reklame nenpòt dwa legal pou viktim nan daprè sa lalwa oswa Konstitisyon Florida prevwa.
- Nan kèk ka, viktim yo (oswa fanmi viktim nan, nan ka kote viktim nan mouri) ka kalifye pou jwenn yon konpansasyon finansye nan men Eta Florida a. Ou kapab jwenn enfòmasyon sou kritè kalifikasyon nan Kabinè Pwokirè Eta a, Biwo Kowòdinasyon pou Temwen lokal (kote sa disponib), lapolis oswa Biwo pou Konpansasyon kont Krim, Kabinè Avoka Jeneral la 1-800-226-6667.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon sou sèvis entèvansyon kont krim ki disponib ak sèvis kominotè lokal ki anglobe konsèy,abri, asistans legal oswa lòt tip èd, selon ka a. W ap jwenn nimewo telefòn sèvis sa yo nan do fèy sa a.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan wòl viktim nan nan pwosesis penal oswa pwosesis pou minè, tankou sa viktim nan ta dwe atann de sistèm nan epi tou sa sistèm nan dwe atann de viktim nan.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon konsènan etap pwosesis jistis penal oswa pwosesis jistis pou minè ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sou etap sa yo. *Remak: Yo p ap kapab kontakte ou si yo pa kapab lokalize w. Se responsabillite w pou ou fè Kabinè Pwokirè Eta a konnen nenpòt chanjman ou fè nan adrès ou oswa nan nimewo telefòn ou.*
- Dwa ou pou w jwenn enfòmasyon, pou w prezan epi pou yo tande w lè sa enpòtan, nan tout etap enpòtan pwosedi penal ak pwosedi pou timoun ki poko gen 18tan,  depi dwa sa a pa monte sou dwa konstitisyonèl akize a.
- Dwa, si w nan prizon, pou yo enfòme w epi voye deklarasyon ekri nan etap enpòtan pwosedi penal ak pwosedi pou minè.
- Dwa pou yo regle ka a rapid depi sa pa monte sou dwa konstitisyonèl akize a.
- Dwa pou yo enfòme w si yo arete oswa lage koupab la, tankou lage l sou kontwòl kominotè ak/oswa liberasyon pou l al travay. Lè yon arestasyon fèt pou yon ka yo rapòte, y ap enfòme viktim nan, fanmi viktim ki poko gen 18tan an, temwen asasina ansanm ak fanmi moun yo touye si yo te bay adrès ak nimewo telefòn aktyèl yo.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon sou etap lapolis ak Kabinè Avoka Eta a genyen a dispozisyon yo pou pwoteje w kont entimidasyon ak/oswa pèsekisyon. Sa se yon tizak twazèm degre lè ou konnen byen ou itilize entimidasyon oswa fòs fizik, oswa ou menase yon lòt moun, oswa ou eseye fè sa, oswa ou enplike nan twonpe moun, oswa ou ofri yon moun avantaj lajan oswa byen. Si yo menase w oswa yo fè presyon sou ou, tanpri kontakte biwo cherif Konte St. Lucie a oswa nenpòt polisye.

- Dwa pou moun ki viktim vyolans domestik jwenn enfòmasyon sou adrès pwogram konfidansyèl Kabinè Pwokirè Jeneral la ap jere. Ou kapab kontakte Kabinè Pwokirè Jeneral la nan 1- 800-226-6667. Kabinè Pwokirè Eta a ka ede w ranpli fòmалite sa yo si sa nesèsè.
- Dwa chak viktim oswa temwen yo planifye ki pou asiste yon pwosè penal oswa yon pwosè pou minè genyen pou ajans la oswa moun ki planifye pou l prezante a enfòme l pi vit posib sou nenpòt chanjman pwogram ki kapab afekte prezantasyon viktim nan nan tribinal la.
- Dwa pou resevwa enfòmasyon davans sou pwosedi jidisyè ak oswa pwosedi jidisyè annapre ki gen rapò ak ka a, tankou tout pwosedi oswa odyans ki gen rapò ak:
  - Arestasyon akize a;
  - Liberasyon akize a annatandan pwosè, nenpòt modifikasyon nan kondisyon liberasyon ki kapab liberasyon pou kontwòl kominotè oswa libète pou l al travay;
  - Pwosedi pousuit jidisyè oswa petisyon pou delenkans akize a, tankou depo dokiman akizasyon an, lekti akizasyon an, dispozisyon ak akizasyon an, jijman oswa odyans abitraj, odyans sou santans lan oswa sou dispozisyon an, egzamen apèl, modifikasyon yo fè nan santans lan aprè, kontestasyon jijman endirèk, ak lè yo enpoze yon pèn anprizònman, detansyon, oswa entènman fòse, liberasyon akize a oswa koupab minè a de yon anprizònman konsa, detansyon oswa jèn delenkan de yon anprizònman konsa, detansyon oswa entènman lè dire santans lan oswa libète kondisyonèl la ekspire ak enpòt rankont ki fèt pou diskite sou yon liberasyon konsa.

- Dwa yon moun pou yo pa retire l nan kelkeswa pati nan odyans lan, jijman an oswa pwosedi ki gen rapò ak krim nan jis paske yo konvoke moun sa a pou vin temwanye, sof si tribinal la deside yon lòt bagay.
- Anplis pwovizyon atik la.921.143, Lwa Florida, dwa viktim yon krim kote ki gen domaj fizik oswa emosyonèl, oswa nan ka kote viktim nan se yon minè oswa nan ka yon omisid, Pwokirè Eta a ap konsilte responsab viktim nan oswa fanmi l pou jwenn pwennvi viktim nan oswa pwennvi fanmi l sou desizyon yon pwosè penal oswa yon pwosè pou minè ki te fèt pou krim sa a, tankou pwennvi yo sou:
  - Liberasyon akize a annatandan pwosedi jidisyè;
  - Akò sou pledwaye;
  - Patisipasyon nan pwogram reyabilitasyon avan pwosè;
  - Kondanasyon akize a.

- Dwa pou egzamine kèk pati yon rapò ankèt avan santans pou koupab adilt ak pou koupab minè avan yo detèmine pèn akize a.
- Dwa pou restitisyon byen imedya sof si gen yon nesesite legal pou kenbe l.

- Dwa pou mande Pwokirè Eta a oswa lapolis ede w eksplike anplwayè ak kreyansye ou riske gen plis chaj sou do w nan pran lè travay ou pou w ede fòs lòd yo epi ou kapab fè fas ak gwo difikilte finansyè swa akoz krim nan oswa akoz koperasyon ak otorite yo.

- Lapolis ak Pwokirè Eta a ap enfòme w sou dwa pou w mande epi resevwa dedomajman ak dwa egzekisyon nan ka yon koupab pa peye. Pwokirè Eta a ap mande w ede l nan dokimantasyon pèt ou fè pou l kapab mande yo remèt yo epi pou w resevwa yo.

Si yon òdonans dedomajman tounen yon retansyon sivil oswa jijman sivil kont akize a, grefye yo ap mete enfòmasyon Sekretè Deta a, tribinal la, oswa Bawo Florida a bay sou egzekisyon retansyon sivil oswa jijman sivil la disponib nan biwo yo a ak sou entènèt. Pwokirè Eta a ap enfòme w si yo bay lòd pou dedomajman ak ki lè sa ap fè.

- Dwa pou bay tribinal la yon deklarasyon aloral oswa alekri sou enpak, jan atik la prevwa l la.921.143 F.S., avan yo detèmine pèn koupab la. Avoka Eta a oswa nenpòt Asistan Avoka Eta ap konseye tout viktim oswa, lè sa nesèsè, paran, responsab, fanmi pwòch oswa reprezantan legal viktim nan pou deklarasyon yo, kit yo aloral oswa alekri, gen rapò ak koz la ak gravite nenpòt domaj, tankou domaj sosyal, sikolojik oswa fizik, pèt finansyè, pèt revni dirèkt oswa endirèk akoz krim yo kondane akize a pou li a, ak tout sa ki gen pou wè ak yon desizyon ak pèn apwopriye.

- Dwa pou resevwa konsiderasyon ak èd rezonab anplwaye biwo Pwokirè Eta a, Biwo Cherif la, oswa Depatman Polis la. Sou demann, y ap ede w jwenn mwayen transpò ak yon estasyonman aksesib, epi y ap dirije w nan zòn datant ki separe avan pwosè a lè enstalasyon sa yo disponib. Sou demann, w ap resevwa èd pou w eseye jwenn tradiktè lè sa posib.

- Dwa pou yo enfòme w lè koupab la sove nan prizon. Pwokirè Eta a ap efòse l pou l enfòme viktim nan, temwen enpòtan, paran oswa responsab legal yon minè ki se yon viktim oswa yon temwen, oswa pwòch paran yon viktim omisid lè yon akize nan pwosè sove. Avoka Eta a ap enfòme cherif konte kote akizasyon penal la oswa depozisyon pou delenkans lan te fèt la tou. Cherif la ap bay èd li sou demann.

- Dwa viktim nan pou l mande otorizasyon pou avoka yon viktim asiste tout depozisyon epi pou l prezan. Biwo Pwokirè Eta a, Biwo Cherif la, oswa Depatman Polis Minisipal la, oswa yon reprezantan yon òganis sèvis pou viktim san peye kapab chwazi avoka viktim nan, sitou: sant èd pou viktim yo vyole, gwoup defans pou viktim vyolans famiyal ak gwoup lit kont alkolis ak toksikomani.

- Dwa viktim yon enfraksyon seksyèl pou l fè yo evakye sal odyans lan, ak kèk eksepsyon, pandan l ap temwaye, kèlkeswa laj li oswa kapasite mantal li.

- Si viktim yon enfraksyon yon minè komèt se yon minè, epi viktim nan oswa frè l ak sè l nan menm lekòl oswa yo pral nan menm lekòl ak koupab la, Depatman Jistis pou Timoun ki poko gen 18tan oswa Depatman Koreksyon ap enfòme paran viktim nan oswa responsab legal li sou dwa l pou l asiste kondanasyon oswa desizyon kont koupab la la epi l ap mande pou voye koupab la nan yon lòt lekòl.

- Dwa viktim ki pa nan prizon pou yo pa oblije l asiste depozisyon preyalab nan yon etablisman koreksyonèl.

- Yo pa dwe revele yon pati ekstèn obligasyon legal viktim nan, oswa pwòch paran yon viktim omisid, tout enfòmasyon ou jwenn an rapò ak Atik 960 Lwa Florida a, konsènan nenpòt koz yon tribinal pou minè trete, sof si sa nesèsè yon fason rezonab nan egzèsis kontestasyon jidisyè.

- Dwa pou konnen pi vit posib si tès pou viris iminodefisyans imen (VIH) (human immunodeficiency virus, HIV) ak tès pou epatit yo fè pou moun yo akize a pozitif nan sèten ka. Nan ka sa yo, sou demann viktim nan oswa responsab legal viktim nan, oswa paran oswa responsab legal viktim nan si viktim nan se yon timoun ki poko gen 18tan, tribinal la ap òdone moun sa a pou l fè tès VIH ak epatit. Nan kèk ka, w ap jwenn rezilta tès la de (2) semèn aprè tribinal la resevwa rezilta yo.

- Dwa pou mande pou yo pa divilge nimewo telefòn lakay ou ak nimewo telefòn travay ou, adrès kay ou ak adrès travay ou ak byen pèsonèl ou, pou kèk zak presi.

- Y ap otorize yon avoka sètifye nan sant èd pou viktim kadejak pou l asiste tout egzamen medikolegal.

- Okenn polisye, avoka pousuit jidisyè oswa reprezantan gouvènman p ap mande oswa oblije yon viktim enfraksyon seksyèl pou l pase detektè mansonj oswa lòt aparèy pou di laverite kòm kondisyon ankèt.

### DWA KONSTITISYONÈL OU KÒM VIKTIM ZAK

Atik l Seksyon 16 Konstitisyon Florida a bay viktim zak kriminèl kèk dwa anplis parapò ak sa lalwa Florida prevwa yo.

#### OU GEN DWA:

- pou tribinal yo fè w benefisye aplikasyon regilyè lalwa epi pou yo trete w ak jistis epi pou yo respekte diyite w;
- pou w egzante anba diskriminasyon, asèlman ak abi.nan kad pwosesis jidisyè, pou yo pwoteje w kont akize a yon fason ki rezonab;
- pou fanmi w ak ou menm jwenn sekirite ak byennèt nan moman y ap etabli kondisyon pou libere akize a sou kosyon oswa pou libere l avan pwosè, sa ki kapab afekte w ak fanmi w;
- pou yo koute w nan tout pwosedi piblik sou libète sou kosyon oswa libète avan pwosè a;
- pou anpeche yo divilge enfòmasyon oswa dokiman ki kapab sèvi pou lokalize w oswa asele fanmi w oswa ki kapab revele enfòmasyon konfidansyèl oswa privileje sou ou;
- pou yo retounen w afè w rapidman lè sa pa nesèsè ankò kòm prèv;
- pou w jwenn dedomajman konplè nan tan favorab pou pèt ou sibi, dirèkteman oswa endirèteman, aprè yon konduit kriminèl nan chak ka ak pou chak koupab yo kondane pou krim nan;
- pou w jwenn yon pwosedi san reta derezonab ak yon konklizyon definitif afè a rapidman ak tout pwosedi avan jijman. (Nan ka apwopriye, pwokirè a kapab depoze yon demann bòn fwa pou yon pwosè rapid pou pèmèt yo jije afè a nan swasant (60) jou, pou asire dwa akize a pou aplikasyon regilyè lalwa satisfè nan fason sa a, ak avansman dat pwosè a. Nan afè ki pa nan kapital la, yo dwe finalize tout rekou ak pwosedi ki kòmanse aprè kondanasyon yo nan nivo Eta nan yon delè de (2) lane, epi nan afè kapital yo nan yon delè senk (5) lane, sof si tribinal la prezante yon òdonans ki gen konklizyon presi sou rezon ki fè tribinal la pa t kapab fè sa ak sikonstans ki bay reta a.);
- pou w enfòme sou dwa sa yo epi pou w chache avi yon avoka sou dwa sa yo. *(kontinyasyon, vire paj la)*

## PWOSESIS JISTIS POU TIMOUN KI POKO GEN 18TAN

**AKÈY** - Pwosesis pou detèmine ki kote pou mete yon timoun ki mwens pase 18 an jiskaske ka a rezoud. Gen twa fòm sitiyasyon detansyon : Lakay, san sekirite oswa ak sekirite.

**PWOGRAM REYABILITASYON** - Yon lòt posiblite apa jijman an kote yo mete jèn nan nan yon pwogram kominotè. Si yon jèn konplete pwogram reyabilitasyon an, lè sa a yo p ap pran akizasyon yo an konsiderasyon ankò.

**PLENT FÒMÈL** - Lè Kabinè Pwokirè Eta a depoze yon petisyon devan tribinal la. Yo ka depoze plent lan devan tribinal pou jèn oswa devan tribinal pou granmoun, daprè krim nan oswa laj koupab la.

**LEKTI AKIZASYON AN** - Yo mete dosye akizasyon sou akize a fòmèlman epi akize a decide si l ap plede koupab, pa koupab, oswa li p ap konteste .

**ODYANS ADJIDIKATWA** - Jijman pou jèn, ki fèt devan yon jij. Jij la ap decide si jèn nan te fè sa yo akize l la (yo).

**ODYANS DESIZYONÈL (KONDANASYON)** - Lè yo jwenn yon jèn te komèt yon zak delenkans, tribinal la ap fè yon odyans desizyonèl pou detèmine ki sanksyon pou bay jèn nan. Sanksyon yo ka soti nan sanksyon kominotè tankou pwobasyon ak sèvis kominotè rive nan entènman rezidansyèl.

**JÈN YO JIJE TANKOU GRANMOUN** - Yo ka jije jèn ki komèt krim ki grav anpil tankou yo jije granmoun. Jèn yo jije tankou granmoun ka resevwa sanksyon ki rezève pou jèn oswa pou granmoun.

Ou kapab kontakte Pwokirè Eta w oswa lapolis pou plis enfòmasyon konsènan etap jistis penal ak jistis pou minè.

*Dwa Konstitisyonèl ou yo, Kontinyasyon:*

**Dwa presi ou kapab jwenn sou demann:**

- yon avi rezonab, egzat nan tan favorab sou tout pwosedi piblik konsènan konduit kriminèl la, tankou, san se pa sa yo sèlman, pwosè, pledwaye, kondanasyon, oswa vèdik, menm si ou se yon temwen nan pwosè a;

- yon avi rezonab, egzat nan tan favorab sou tout liberasyon oswa fuit akize a ak sou nenpòt pwosedi kote youn nan dwa w yo kòm viktim kapab enplike;

- pale ak pwokirè a sou tout akò konsènan pledwaye, kesyon dedomajman, patisipasyon nan pwogram reyabilitasyon oswa liberasyon akize a ak kondanasyon l oswa tout lòt desizyon konsènan afè a;

- bay nenpòt moun ki ap mennen oswa drese yon ankèt preliminè sou konsekans krim nan sou ou oswa sou fanmi w enfòmasyon, epi mande tribinal la pran enfòmasyon sa yo an konsiderasyon. Yon fwa rapò a fini, ou gen dwa pou w resevwa yon kopi, sof pou pati lalwa rann konfidansyèl;

- pou w enfòme sou kondanasyon, santans, vèdik, oswa lòt desizyon kont yon koupab yo kondane, dat liberasyon l oswa dat li sove nan prizon;

- pou w enfòme sou tout pwosesis ak pwosedi avan kondanasyon, pou w bay otorite responsab liberasyon an enfòmasyon li dwe pran an konsiderasyon avan yon liberasyon epi pou w enfòme sou tout desizyon ki gen rapò ak liberasyon koupab la. Dwa sa a se pou tout moun yon koupab fè ditò;

- pou w enfòme sou tout pwosedi pou fè gras oswa pou kondane koupab la, pou w bay gouvènman an, tribinal la, tout komisyon ki la pou fè gras, ak tout otorite nan kad pwosedi sa yo enfòmasyon, epi pou fè yo pran enfòmasyon sa yo an konsiderasyon avan yo pran yon desizyon pou fè gras oswa pou kondane, epi pou yo enfòme w sou desizyon otorite sa a avan liberasyon koupab la.

## Biwo Cherif Konte St. Lucie a DWA VIKTIM YO DWA OU KÒM VIKTIM OSWA TEMWEN

**Dat:** \_\_\_\_\_  
(*Date*)

**Nimewo dosye:** \_\_\_\_\_  
(*Case #*)

**Ranplasan:** \_\_\_\_\_  
(*Deputy*)                      Non/nimewo idantifikasyon                      (*Name/ID*)

### NIMEWO REFERANS

Ijans	<b>911</b>
Liy telefòn pou enfòmasyon ak referans	<b>211</b>
Biwo cherif St. Lucie a	<b>(772) 462-7300</b>
Èd pou Viktim (Victim Assistance (VA)	<b>(772) 462-3616</b>
Èd pou Viktim (Panyòl)	<b>(772) 462-3617</b>
Èd pou Viktim (Tribinal)	<b>(772) 672-8712</b>
Biwo Avoka Eta a	<b>(772) 465-3000</b>
Prizon Konte St. Lucie a	<b>(772) 462-3450</b>
Tribinal Konte St Lucie a	<b>(772) 462-6900</b>
Èd jiridik Konte St. Lucie a	<b>(888) 582-3410</b>
Asistans telefonik pou abi nan Florida	<b>(800) 962-2873</b>
Sèvis Pwoteksyon Timoun	<b>(772) 467-3003</b>
Asistans telefonik pou Espas Sekirize	<b>(772) 464-4555</b>
Asistans Telefonik pou Vyòl	<b>(800) 569-1119</b>
Enfòmasyon ak Notifikasyon Viktim (VINE)	<b>(877) 846-3435</b>



### Biwo Cherif Konte St. Lucie a

Cherif Ken J. Mascara

4700 W. Midway Road Fort Pierce, FL 34981

(772) 462-7300

www.stluciesheriff.com

## PWOSESIS DWA PENAL

Men etap sistèm jistis penal yo:

**ARESTASYON** - Mennen sispèk la nan prizon, pran anprent li epi pran foto li. Kèk nan yo lage imedyatman oswa dwe kite yon garanti pou asire yo ap tounen vini nan tribinal la. (oswa)

**AKÈY** - Viktim nan rapòte yon krim nan Kabinè Pwokirè Eta (State Attorney’s Office (SAO)) lokal la. Si yo jwenn yon motif valab, Kabinè Pwokirè Eta a ka chwazi monte yon dosye akizasyon epi rele sispèk la nan tribinal.

**PREMYE PREZANTASYON** - Sa fèt 24-48 è d tan apre arestasyon. Chak sispèk parèt devan jij ki decide si wi ou non akizasyon yo fonde. Jij la ap decide si li dwe fikse yon garanti, kondisyon pou lage sispèk la, epi ba li yon avoka pou defann li si li pa kapab peye youn. Nenpòt moun kapab asiste yon premye odisyon nan tribinal Konte St. Lucie a nan 201 North 2nd Street, Fort Pierce.

**DEPOZE YON PLENT FÒMÈL** - Kabinè Pwokirè Eta a ka depoze yon plent fòmèl apre yo fin egzamine rapò lapolis sou arestasyon an, nan espas 21 jou nan sèten ka.

**LEKTI AK AKIZASYON AN** - Yo mete dosye akizasyon sou akize a fòmèlman epi akize a decide si l ap plede koupab, pa koupab, oswa li p ap konteste.

**PREPARASYON POU JIJMAN** - Avoka pati pote plent lan ak avoka defans la ap poze temwen yo kesyon epi y ap fè echanj prèv nan kad preparasyon jijman an.

**JIJMAN AN** - Avoka pati ki pote plent lan la prezante prèv yo swa devan jij la oswa devan manm jiri yo sou ka a. Yo ka jwenn akize a koupab oswa pa koupab. Pwosè a fini depi yo jwenn akize a koupab.

**PLEDWAYE** - Akize a plede koupab oswa pa konteste akizasyon yo san jijman pa fèt.

**SANTANS** - Si yo jwenn akize a koupab, jij la egzamine règleman sou kondanasyon yo, pledwaye, eksetera, epi li detèmine ki kalte santans akize a dwe resevwa.